



Konnen ki dwa ou geyen: Si imigrasyon vin nan travay ou (pou anplwaye)

Tout moun ki ap viv Ozetazini, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa gen papye, tout gen sèten dwa konstitisyon Ameriken an garanti yo. Si ajan imigrasyon (ICE) vin nan travay ou, yo dwe gen yon manda yon jij siyen ki ba yo dwa fè fouy epi ki valab oswa konsantman patwon w pou yo rantre nan espas la. Si w pa gen papye epi yon ajan imigrasyon (ICE) frape pòt ou, ou gen dwa sa yo:

- **Ou pa bezwen ni panike ni kouri.** Si w pè e ou anvi soti, ou ka leve tou dousman epi soti.
 - Si yo kanpe w, ou ka mande si w ka soti. Si ajan an di w non, pa eseye kouri soti.
 - Si yo ap poze w kesyon, ou ka di yo ou pa deside reponn.
- **Ou gen dwa pou w pa di anyen ditou.** Ou pa oblije di ajan imigrasyon an anyen ditou oswa reponn okenn kesyon li mande w.
 - Si yo mande w ki peyi w te fèt ki lè ou antre Ozetazini, ou ka refize reponn yo oubyen ou ka rete an silans.
 - Si w deside pa di anyen, di yo sa awotwva.
 - Si yo mande w kanpe nan yon gwoup dapre stati w nan imigrasyon, ou pa dwe deplase, oswa ou kapab al kanpe yon kote kip a la pou yon gwoup anpatikilye.
 - Ou ka montre ofisye a kat ki ekri [konn ki dwa ou genyen](#), kat sa a ap fè l konnen ou pa vle di anyen pi ou ta renmen pale ak yon avoka.
 - Ou kapab refize montre idantifikasyon w ki make nan ki peyi ou soti.
 - Pinga ou montre yo okenn fo dokiman epi pa ba yo manti.

- **Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka.** Si yo arete w oubyen si yo mete w nan prizon, ou gen dwa pou w kontakte yon avoka tousuit.
 - Menm si ou pa gen avoka, ou ka di ajan imigrasyon yo ou vle pale ak yon avoka.
 - Si ou gen yon avoka, ou gen dwa pou w pale ak avoka
 - Si w gen yon [Fòm G-28](#), ki siyen, ki fè konnen ou gen yon avoka, bay ajan an fòm nan.
 - Si w pa gen yon avoka mande ajan imigrasyon an pou yon lis avoka ki travay gratis.
 - Ou gen dwa tou pou w kontakte konsila peyi ou. Konsila a ka ede w jwenn yon avoka.
 - Ou ka refize siyen non w sou nenpòt papye toutotan ou poko pale ak yon avoka.
 - Si w deside siyen yon papye san w pa pale ak yon avoka fòk ou sèten ou konn sa papye a di egzakteman anvan ou siyen li.

Si w ta vle plis enfòmasyon sou dwa w yo oubyen ou ta renmen konnen si w gen posiblite ou ka kalifye pou jwenn kèk avantaj nan imigrasyon oubyen yon èd, al kot yon bon avoka. Al sou sit sa a: www.aialawyer.com pou w ka jwenn yon avoka ki nan zòn ou an.